



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)
FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL
BAKALOREYA SESYON JIYÈ 2022
SEGONDÈ IV
SERI: SVT
KREYÒL

POTORIK

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Durée de l'épreuve :2 heures

Pè letènèl

Si w konnen janm gen lapenn
Lè m wè w kouche sereng nan venn
Anvi prezidan avi, vivi, tisousou fin souse w
Rayisman move santiman
Fè n manje men k ba nou manje

Sa k rive moun yo la?
M pa rekonèt Ispanyola
Sanntodomengo bingo
W a di ou leve yon premye lo
A kote w nou tout nan dlo
Boyo tounen ti jwèt yoyo
Ayiti Toma pèdi wout
W a di ou te chwazi move bout
Men anpil chay la pi lou
M santi kè m lou
M santi m jalou

Pè letènèl o bon bèje
Pwoteje lavi mwen
“Du haut du ciel” w ap voye je
Vòlò fin ak peyi mwen
Fò dwe ret on grenn solisyon
Fò w sove lasitiyasyon
“Ayez pitié”, bon bèjè
M anvi viv nan peyi mwen

Si w konnen janm gen lapenn
Lè m wè tout moun di w gen devenn
On pa kita on pa nago
Ladwòg mechanste agogo
On lòt syèk ap kouri dèyè n
Move je detounen priyè n
Ayiti manman cheri
Men nou chita wè w ap peri

Pè letènèl o bon bèje
Pwoteje lavi mwen
“Du haut du ciel” w ap voye je w
Vòlò fin ak peyi mwen
Fò dwe ret on grenn solisyon
Fò w sove lasitiyasyon
“Ayez pitié”, bon bèjè
M anvi viv nan peyi mwen

Tèks: Emiline Michel

PREMYE PATI

A- Konpreyansyon Tèks (30 pwen/ 6 pou chak bon repons)

- A kisa otè a fè referans lè li di: “M pa rekonèt Ispanyola.”
- Eske tèks la ekri an pwoz ou byen an vè? Jistifye repons ou bay la.

- Ki kote, dapre ou menm, otè a fè referans a maladi nan tèks la?
- Ki tip rim ou jwenn nan 4 dènye liy 4^{èm} estwòf la.
- Kilès pwonon pèsonèl dezyèm pèsonn nan reprezante nan tèks la?

B- Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (40 pwen/ 5 pou chak bon repons)

- Fè de (2) fraz senp sa yo tounen yon (1) fraz konplèks.
 - Li bat kat la.
 - Li bay chak moun sou tab la yon lo.
- Bay de (2) sans fraz anba a kapab genyen.
“Papit pèdi pitit direktè a.”
- Ekri yon ti tèks powetik ki gen kat (4) vè kote w ap itilize rim anbrase.

Fè yon fraz pou chak tip predika sa yo :

- predika adjectival
- predika nominal
- predika prepozisyonel.

- Ki figi estil ki genyen nan fraz anba a.
“Ti bebe a bwè bibon on.”

- Presize tan ak aspè chak predika nan fraz anba yo.

Fraz	Tan	Aspè
Kiltivatè a te jwenn angrè a.		
Papa m benyen chak maten.		
Premye Minis la kòmanse pale.		

- Tradui fraz sa a an fransè.
“Siwo myèl bon pou lasante.”
- Ki sans, dapre ou menm, pwovèb sa a genyen.
“Madichon ou bay bèlmè ou se manman ou li rive.”

DEZYÈM PATI (10 pwen) chak kesyon sou 5 pwen

- 1- Bay jan literè tèks la.
- 2- Kilès ki otè Choukoun?

TWAZYÈM PATI

**C- Pwodiksyon ekri, chwazi youn nan (2) sijè sa yo.
(25 pwen)**

- 1- Genyen yon enstitisyon ki fenk louvri pòt li. Responsab yo mete yon avi rekritman (yo ap pran moun pou travay). Yo mande yon CV ak yon lèt motivasyon. Prepare li, selon prensip ou te aprann yo.
- 2- Ekri yon tèks agimantatif kote w ap prezante de (2) gwoup moun ki ap reflechi sou kesyon ensekirite peyi a.
 - a) Premye gwoup la di se lamizè, razè ki fè peyi a genyen tout pwoblèm ensekirite sa yo.
 - b) Dezyèm gwoup la di ni lamizè, ni razè pa kapab fè nou rive la a, se paske Leta pa pran responsabilite li.
 - Ch) Devlope agiman chak gwoup yo.
 - d) Fè yon sentèz epi bay opinyon ou.